

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain jeung Sumber Data Panalungtikan

##### 3.1.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2002:136). Desain panalungtikan dina métode kuasi ékspérimén aya tilu rupa, nya éta *one-shot case study*, *the one group pretest-posttest*, jeung *the static group comparison*.

Dina ieu panalungtikan, baris maké métode panalungtikan ékspérimén kuasi (studi kuasi ékspérimén) kalawan maké desain panalungtikan *pretest* jeung *posttest* (*the one group pretest-posttes*).

Ieu panalungtikan teu ngagunakeun kelas kontrol salaku *pembanding*. Sabab, sangkan panalungtikan leuwih bisa kakontrol sacara *intensif*. Ieu métode panalungtikan, tujuanana nya éta meunangkeun informasi mangrupa perkiraan informasi nu bisa dibeunangkeun ku *true experiment*, dina kaayaan anu teu mungkin pikeun ngontrol atawa ngamanipulasi sakabéh variabel.

Panalungtikan ékspérimén kuasi/semu dihartikeun salaku panalungtikan nu ngadeukeutan panalungtikan ékspérimén. Ieu panalungtikan loba dipaké dina widang atikan atawa widang séjénna dina subjék panalungtikan nya éta jalma nu teu bisa dimanipulasi jeung dikontrol sacara *intensif*. Ku lantaran kitu, digunakeun cara disain kuasi ékspérimén (*pretest* jeung *posttest*), desain panalungtikanana kawengku saperti ieu di handap:

**Tabél 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

<i>Pretest</i>	<i>Perlakuan</i>	<i>Posstest</i>
$O_1$	$X$	$O_2$

(Syamsuddin, 2009:157)

Katerangan:

$X$  = treatment/perlakuan, nya éta maké modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* dina ngajarkeun pangajaran nulis surat pribadi.

$O_1$  = hasil observasi saméméh maké perlakuan

$O_2$  = hasil observasi sabada maké perlakuan

### 3.2 Populasi jeung Sampel

#### 3.2.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan (Arikunto, 2003:108). Dina ieu panalungtikan populasi anu dipaké nya éta sakabéh siswa kelas VIII SMP 3 Lembang anu jumlahna kurang leuwih 350 siswa tina salapan kelas.

#### 3.2.2 Sampel

Sampel nya éta bagéan tina populasi (Riduwan, 2007:56). Sedengkeun sampel panalungtikan nya éta sabagéan tina populasi anu dipaké salaku sumber data jeung wawakil ti sakabéh populasi. Dumasar kana populasi di luhur yén jumlah populasina leuwih ti 100 siswa, tangtu dina ieu panalungtikan ngagunakeun random sampling ku cara diundi pikeun nangtukeun sampel siswa téh diacak, henteu dipilih-pilih.

Nurutkeun Suyatna (2002:11) ngébréhkeun yén teu aya katangtuan anu pasti ngeunaan nangtukeun jumlah sampel tina populasi, dina analisa statistik yén beuki

loba sampel anu ditangtukeun dina populasi, ku kituna data anu ditalungtik tangtu leuwih *valid*.

Dina ieu panalungtikan, sangkan mikanyaho sampelna baris ngagunakeun téhnik (*simple random sampling*), nya éta cara mawa sampel tina anggota populasi ku ngagunakeun cara diacak jeung teu merhatikeun strata (tingkatan) dina anggota populasi. Ku lantaran kitu, dina ieu panalungtikan sampelna nya éta sakabéh siswa kelas VIII D SMP N 3 Lémbang anu jumlahna 31 siswa, anu ngawengku 15 lalaki jeung 16 awéwé.

### 3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nya éta mangrupa alat-alat ukur anu diperlukeun pikeun lumangsungna panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh awal jeung kamampuh ahir hasil nulis surat pribadi.. Ngaliwatan métode ieu, bakal dipikanyaho kumaha kamampuh siswa nulis surat pribadi di awal jeung di ahir sabada maké modél *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)*.

Tés nya éta saruntuyan patalékan atawa latihan jeung alat nu lianna, dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2002:127).

Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *pretest* jeung *posstest* sangkan dibikeun ka siswa anu jadi sampel panalungtikan. *Pretest* dibikeun ka siswa sangkan mikanyaho kamampuh siswa dina nulis surat pribadi saméméh maké modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition*

(CIRC). Sedengkeun *posstest* dibikeun ka siswa sabada maké ieu modél CIRC. Tuluy éta data hasil tés dianalisis, ku cara ditilik tina hasilna kana modél *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)*.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan jenis tés anu dipaké téh nya éta tés tulis, siswa nulis surat pribadi keur ka babaturan séwang-séwangan.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, instrumén atawa alat anu dipaké nya éta tés kamampuh nulis surat pribadi. Ieu mangrupa tés préstasi atawa *achievement test* nya éta pikeun ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal.

Dina pangajaran nulis surat pribadi, siswa ditangtukeun kudu nulis surat keur ka babaturan maké basa loma. Pon kitu deui, dina *pretest* siswa nyieun surat pribadi teu dibéré heula matéri pangajaran nulis surat maké modél pangajaran CIRC, tuluy hasilna dikumpulkeun, dipeunteun sangkan mikanyaho skor awal (pratés). Sedengkeun dina *posstes* siswa dibéré kagiatan ngeunaan pangajaran nulis surat pribadi ngagunakeun modél pangajaran CIRC heula, tuluy nyieun surat pribadi.

**Tabél 3.2**  
**Pedoman Meunteun Surat Pribadi**

No.	Aspék anu dipeunteun	Skala Penilaian					Skor
		5	4	3	2	1	
1.	Eusi Surat						
2.	Tata Basa						
3.	Diksi Surat						
4.	Komposisi						
5.	Tata Tulis						
Jumlah Skor							
Peunteun							

(Atar Semi, 2008:23)

Keterangan Pedoman Skala Aspék anu diajén (diaplikasikeu tina sarat surat anu hadé dina Atar Semi jeung Prawirasumantri:

### 1) Eusi Surat

Skor 5 = Hadé pisan: ngarti pisan, saluyu pisan jeung tujuan nulis surat, jéntré pisan nepikeun maksudna.

Skor 4 = Hadé: Ngarti, pinuh ku gagasan, saluyu jeung tujuan nulis surat nepikeun maksudna jéntré.

Skor 3 = Sedeng: Ngarti kalawan ngawates, nepikeun maksud jéntré kalawan ngawates.

Skor 2 = Kurang: Kurang kaharti, kurang luyu jeung tujuan nulis surat, kurang jéntré nepikeun maksudna.

Skor 1 = Kurang pisan: Teu kaharti, teu saluyu pisan jeung tujuan nulis surat, teu jéntré nepikeun maksudna.

### 2) Tata Basa

Skor 5 = Hadé pisan: merenah pisan, luyu pisan jeung pamakéan basa keur ka babaturan.

Skor 4 = Hadé: merenah, luyu jeung pamakéan basa keur ka babaturan.

Skor 3 = Sedeng: merenah kalawan ngawates, pamakéan basa keur ka babaturanna ngawates.

Skor 2 = Kurang: Kurang merenah, kurang saluyu jeung pamakéan basana.

Skor 1 = Kurang pisan: Teu merenah, teu saluyu pisan jeung pamakéan basa keur ka babaturan.

### 3) Diksi Surat

Skor 5 = Hadé pisan: nyusun kalimah kompléks tur merenah, pilihan kecap saluyu pisan jeung eusi surat, ngawasa pisan tata basa.

Skor 4 = Hadé: nyusun kalimahna basajan tur merenah, pilihan kecapna saluyu jeung eusi surat, ngawasa tata basa.

Skor 3 = Sedeng: nyusun kalimah basajan, merenah kalawan ngawates.

Skor 2 = Kurang: nyusun kalimahna kurang, pilihan kecapna kurang saluyu jeung eusi surat.

Skor 1 = Kurang pisan: Pilihan kecapna teu saluyu jeung eusi surat.

#### 4) Komposisi Surat

Skor 5 = Hadé pisan: bagian-bagian suratna lengkep pisan, struktur panulisanana bener pisan.

Skor 4 = Hadé: bagian-bagian suratna lengkep, struktur panulisanana bener.

Skor 3 = Sedeng: bagian-bagian suratna lengkep kalawan ngawates, struktur panulisanana bener tapi ngawates.

Skor 2 = Kurang: bagian-bagian suratna kurang lengkep, struktur panulisanana kurang teu bener.

Skor 1 = Kurang pisan: bagian-bagian suratna teu lengkep pisan, struktur panulisanana teu bener.

#### 5) Tata Tulis Surat

Skor 5 = Hadé pisan: alus pisan, rapih, babari kabaca, kaédah nulis éjahana merenah pisan, saluyu jeung éjahan basa Sunda.

Skor 4 = Hadé: alus, rapih, kabaca, aya corétan, kaédah nulis éjahana merenah, aya nu teu saluyu jeung éjahan basa Sunda.

Skor 3 = Sedeng: kurang rapih, kabaca, loba corétan, kaédah nulis éjahan kurang merenah, kurang saluyu jeung éjahan basa Sunda.

Skor 2 = Kurang: Teu rapih, loba nu teu kabaca, kaédah nulis éjahana kurang merenah, loba pisan kasalahan.

Skor 1 = Kurang pisan: teu rapih, tulisan teu kabaca, teu cukup pikeun dipeunteun.

Lembar soal pratés :

#### Tés Nulis Surat

- Jieun surat pribadi keur ka babaturan kalawan ngagunakeun basa loma (akrab) jeung struktur panulisan suratna ! Nulisna leuwih hadé dina kertas surat, maké amplop sarta alamat anu ditujuna! Témana bébas.

Lembar soal (ngagunakeun modél pangajaran *CIRC*) :

1. Ropéa teks surat ieu di handap anu masih teu merenah basa jeung strukturna panulisanana! Wilujeng ngerjakeun~Sumanget .....

kahatur Sobat

raRa Airashyaqilla

di parigi

ciamis 9-1-2011

Salam sono,

ra kumaha damang? Mugi-mugi waé Rara sakulawargi aya di na ginanjar kawilujengan.

rainka téh sono pisan, numawi ieu nyeratan ka Rara. maksadna téh ké upami Rainka libur hoyong ameng ka parigi ka bumi Rara. Hoyong lolodéh pakis sareng beleuM lauk tongkol ih, Ra. Héhé... Nuju sibuk pisan ayeuna téh, Ra. Biasa seueur kagiatan disakola. Jaba sakedap deui UAS, jadi wé kedah ngadedekul ngapalkeun. Saur Rara ogé pan kedah pédé pami urang hoyong suksés mah. Rainka émut kénéh, basa haRita Rara sok masihan sumanget. kumaha Rara ayeuna masih begang kénéh? Tong ngabegangan waé atuh, Engké bilih ngapung katiup angin, héhé.

ra, sakieu heula nya. omat kedah dibales. rainka sono pisan hoyong terang kaayaan Rara ayeuna di Parigi. Iraha atuh Rara badé ameng ka bandung? Resep geura Ra aya kebon Binatang, aya Trans Studio, engké ku rainka diajak jélong-jélong, héhé. Diantos lah. Rainka gé hoyong ameng ih ka pangandaran, Batukaras. Wah, pasti resep geura nya. sakieu wé nyua, ra. sono pisan ka Rara, iiiih emmmh!

Sonona,

**Rainka**

Rainka Rainashyya

2. Jieun Surat pribadi keur ka babaturan kalawan ngagunakeun basa loma jeung struktur panulisan surat anu bener ! Témana bébas. (Kagiatan postés).

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Dina téhnik ngolah data, data anu geus dikumpulkeun, diolah pikeun néangan jawaban-jawaban anu jadi masalah dina ieu panalungtikan.

Data dina ieu panalungtikan nya éta data hasil tina tés siswa nu kabagi dua nya éta *pretest* jeung *posstest*. Ieu bakal nangtukeun kana hasil ahir hipotésis anu mangrupa analisis data, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- 1) Hasil pratés jeung postés tina karangan nulis surat pribadi siswa, dipariksa sarta dianalisis.
- 2) Méré peunteun kana hasil nulis surat pribadi siswa.

Pikeun nangtukeun jumlah skor karangan nulis surat pribadi siswa, digunakeun pedoman meunteun karangan nulis surat pribadi anu kaugel dina tabel (4.1).

Siswa dianggap geus mampu nyieun surat pribadi lamun skorna  $\geq 70$ . Ku kituna, skor ahir siswa nu  $\leq 70$  dianggap can mampu.

Skor anu kahontal siswa dirobah jadi skor ahir kalawan ngagunakeun rumus:

$$Peunteun = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$



Sangkn leuwih jéntré, peunteunna ditabulasikeun dina tabél saperti ieu di handap:

**Tabél 3.3**  
**Peunteun Tés Nulis Surat Pribadi Siswa**

No.	KSS	Aspék anu Dipeunteun					$\Sigma$	P	Katégori
		ES	TB	DS	KK	TT			

Katerangan :

ES = Eusi surat

TB = Tata basa

DS = Diksi surat

KSS = Komposisi surat

TT = Tata tulis

$\Sigma$  = Jumlah

P = Peunteun

Katégori:

Peunteun  $\geq 70$ , siswa dianggap mampu nulis surat pribadi

Peunteun  $\leq 70$ , siswa dianggap can mampu nulis surat pribadi.

3) Ngasupkeun data peunteun pratés jeung postés kana tabél saperti di handap:

**Tabél 3.4**  
**Daptar Peunteun Pratés jeung Postés**

No.	Ngaran Siswa	Peunteun Pratés	Peunteun Postés

#### 4) Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan nya éta data dianalisis pikeun nguji hipotésis. Léngkah-léngkahna nya éta saperti ieu di handap:

a) Uji Normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Dina uji normalitas, ieu léngkah dilakukeun pikeun nangtukeun distribusi data normal atawa teu normal, nya éta data diaanalisis pikeun nguji hipotésis. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu, kalawan bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $x^2$ ). Saméméh ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $x^2$ ), dipilampah heula léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- (1) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna.
- (2) Ngitung *Rentangan* ( $R$ ) ngagunakeun rumus:

$$R = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- (3) Nangtukeun *Banyaknya Kelas* (BK), kalawan rumus:

$$BK = 1 + 3,3 \log n$$

- (4) Nangtukeun *panjang kelas* ( $i$ ), kalawan rumus:

$$i = \frac{R}{BK}$$

- (5) Nyieun tabél distribusi frékuénsi peunteun *pretest* jeung *posstest* kalawan ngagunakeun tabél:

**Tabél 3.5**  
**Distribusi Frékuénsi Peunteun Praténs jeung Postés**

No.	Kelas Interval	f	X <sub>i</sub>	X <sub>i</sub> <sup>2</sup>	fX <sub>i</sub>	fX <sub>i</sub> <sup>2</sup>
1						
2						
3						
Σ						

- (6) Ngitung rata-rata atawa *mean* ( $\bar{X}$ ) skor *pretest* jeung *posstest*

$$\bar{X} = \frac{\sum fxi}{n}$$

Keterangan :

$\bar{X}$  = rata-rata (mean)

Σ = jumlah (sigma)

f<sub>i</sub> = jumlah data

x<sub>i</sub> = niléy tengah

- (7) Nangtukeun standar déviiasi (S), kalawan rumus:

$$S = \sqrt{\frac{n \cdot \sum fxi^2 - (\sum fxi)^2}{n(n-1)}}$$

(Riduwan, 2011: 191:192)

- (8) Nyieun frékuénsi anu dipiharep, léngkah-léngkahna nya éta:

(a) Nangtukeun *batas kelas*, nya éta angka skor kiri kelas *interval pertama*

dikurangi 0,5 jeung angka skor-skor kanan kelas *interval* ditambah 0,5.

(b) Ngitung  $Z$  pikeun batas kelas interval, kalawan rumus:

$$Z = \frac{\text{Batas kelas} - \bar{X}}{S}$$

(c) Néangan luas  $0 - Z$  tina tabél *Kurve Normal* tina  $0 - Z$  ngagunakeun angka-angka pikeun *batas kelas*.

(d) Nangtukeun ambahan/ legana unggal kelas interval ( $L$ ), ku jalan *mengurangkan* angka-angka  $0 - Z$ , nya éta angka baris kahiji *dikurangi* angka baris kadua, jsté. Iwal, angka nu béda dina baris tengah *ditambahkeun* jeung angka saterusna.

(é) Ngitung *frékuénsi yang diharapkan* ( $f_e$ ), nya éta mengalikan luas interval jeung jumlah réspodén, kalawan rumus:

$$f_e = L \times n$$

Hasil tina léngkah-léngkah di luhur bisa diasupkeun kana tabél, saperti ieu di handap:

**Tabél 3.6**  
**Frékuénsi nu Dipiharep ( $f_e$ )**  
**tina Data Hasil Pengamatan ( $f_o$ ) pikeun Variabel  $X_2$**

No.	Batas kelas	Z	Luas 0 - Z	Luas tiap Kelas Interval	$f_e$	$f_o$
1.						
2.						
3.						
						$\sum f_o =$

(f) Nangtukeun niléy *Chi Kuadrat* ( $\chi^2_{itung}$ ), kalawan rumus:

$$\chi^2 = \sum \frac{(fo-fe)^2}{fe}$$

(g) Nangtukeun *derajat kebebasan* (*db*), kalawan rumus:

$$db = k-3$$

(h) Nangtukeun harga  $\chi^2_{tabel}$ .

(i) Nangtukeun normalitas henteuna distribusi data ( $\chi^2_{itung}$ ) jeung ( $\chi^2_{tabel}$ )

ngaliwatan kritéria:

Lamun,  $\chi^2_{itung} \geq \chi^2_{tabel}$  hartina distribusi data teu normal, tapi

Lamun,  $\chi^2_{itung} \leq \chi^2_{tabel}$  hartina distribusi data normal.

(Riduwan, 2011: 194)

b) Uji Homogénitas

Tujuan tina homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Ieu sarua jeung uji normalitas pikeun nangtukeun homogén henteuna data, nya éta maké rumus *chi-kuadrat* kalawan léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

(1) Nangtukeun skor variabel *x* kelompok *pretest* jeung *posstest* séwang-séwangan.

- (2) Ngitung *varians* ( $S^2$ ) kelompok séwang-séwangan.

*Varians* pratés

$$S1^2 = \frac{n \cdot \sum fxi^2 - (\sum fxi)^2}{n(n-1)}$$

*Varians* postés

$$S2^2 = \frac{n \cdot \sum fxi^2 - (\sum fxi)^2}{n(n-1)}$$

- (3) Hasil tina *varians* diasupkeun kana distribusi  $F$

$$F = \frac{\text{variansi anu leuwih gedé}}{\text{varians anu leuwih leutik}}$$

- (4) Ngitung derajat kabébasan (db), kalawan rumus:

$$db = n - 1$$

- (5) Nangtukeun harga  $F_{\text{tabel}}$

- (6) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

$F^2_{\text{itung}} \leq F^2_{\text{tabel}}$  hartina varians sampel homogén, tapi upama

$F^2_{\text{itung}} \geq F^2_{\text{tabel}}$  hartina varians sampel data teu homogén

(Riduwan, 2011: )

## 5) Uji Gain

Uji gain miboga tujuan, nya éta pikeun nangtukeun naha aya bédana antara hasil pratés jeung hasil postés. Ngaliwatan uji gain, bisa kagambar aya henteuna

pengaruh digunakeunna modél pangajaran *CIRC* kana kamampuh nulis surat pribadi.

Dina ngalakukeun uji gain, bisa ngagunakeun tabél ieu di handap:

**Tabél 3.7**  
**Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Siswa**  
**dina Pangajaran Nulis Surat Pribadi**

No	Ngaran Siswa	Prates	Postes	d	d <sup>2</sup>
$\Sigma$					

d) Uji Hipotésis

Pikeun nguji hipotésis, kudu ngaliwatan léngkah-léngkah anu kawincik saperti ieu di handap:

(1) Néangan béda *mean* tina *pretest* jeung *posstest* kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(2) Ngitung *derajat kebebasan* (db), kalawan rumus:

$$db = n - 1$$

(3) Ngitung jumlah *kuadran déviiasi*, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(4) Ngabuktikeun hipotésis (ngitung  $t$ ), kalawan ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)n}}}$$

Katerangan :

$t$  = tés signifikansi

$Md$  = rata-rata tina béda antara peunteun pratés jeung postés

$\sum x^2 d$  = jumlah kuadran déviiasi

$n$  = jumlah subjék tina sampel

(5) Nangtukeun ditarima-henteuna hipotésis dumasar kana:

(a) Lamun  $t_{itung} \geq t_{tabél}$ , hipotésis ditarima, hartina modél pangajaran *CIRC* éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang.

(b) Lamun  $t_{itung} \leq t_{tabél}$  hipotésis ditolak, hartina modél pangajaran *CIRC* teu éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang.

(Arikunto, 2006: 306-308)

### 3.6 Uji Coba Kegiatan Diajar Ngajar

#### 3.6.1 Tahap Persiapan Kegiatan Diajar Ngajar

Ilaharna tahap persiapan diajar ngajar kaugel dina *Rencana Pelaksanaan Pengajaran* atawa RPP. Rancangan pangajaran dipiharep sangkan kegiatan diajar ngajar lumansung kalayan lancar sarta bisa ngahontal kana tujuan pangajaran.

Rancangan pangajaran sipatna téhnik tur dipaké salaku acuan kegiatan diajar ngajar sarta dina prak-prakanana guru dibéré wewenang pikeun mekarkeun



sorangan eusi rarancang pangajaran luyu jeung kabutuhanna dumasar kana kurikulum nu geus ditangtukeun.

Dina rancangan pangajaran eusina nya éta mangrupa sagala aktivitas dina rancangan pangajaran anu rék dipilampah salila kagiatan diajar ngajar. Ieu lumangsung pikeun ngahontal kompetensi anu geus ditangtukeun.

### 3.6.2 Tahap Lumangsungna Kagiatan Diajar Ngajar

Dina lumangsungna kagiatan diajar ngajar nulis surat pribadi maké modél *CIRC* ngawengku kana tilu runtuyan, nya éta:

#### 1) Lumangsungna *pretest*

Dina *pretest*, siswa nyieun surat pribadi teu dibéré heula matéri pangajaran nulis surat maké modél *CIRC*, hasil tina *pretest* dikumpulkeun, dipeunteun sangkan mikanyaho skor awal.

#### 2) Midangkeun bahan pangajaran

Bahan pangajaran anu ditepikeun nya éta pangajaran nulis surat pribadi maké modél *CIRC*. Dina kagiatan pangajaran dijéntrékeun léngkah-léngkah nulis surat pribadi jeung ngalarapkeun palanggaran éjahan basa Sunda maké modél pangajaran *CIRC*, nya éta:

- a) Guru ngawangun kelompok, kelompok séwang-séwangan kawangun ku opat siswa sacara hétérogén.
- b) Guru nepikeun wacana, méré téks conto surat pribadi keur ka babaturan ka siswa.

- c) Siswa maca éta téks surat pribadi tuluy néangan idé pokok jeung méré tanggapan atawa pamadegan kana éta téks surat saupama kudu diropéa dina cara nulisna tur palanggeran éjahan basa Sundana, ditulis dina lembar jawaban.
- d) Siswa macakeun hasil gawé jeung batur sakelompokna.
- e) Guru nyieun kacindekan ngeunaan surat pribadi keur ka babaturan, babarengan jeung siswa, jeung
- f) Guru macakeun kacindekan ngeunaan pasualan anu kapanggih dina téks surat.

3) Lumangsungna *posstest* atawa *pascatest*

Lumangsungna *posstest* mangrupa katgiatan ahir tina panalungtikan. Dina *posstes* siswa nyieun surat pribadi keur ka babaturan sanggeus dibéré *treatment* ngeunaan pangajaran nulis surat pribadi maké modél *CIRC*. Tujuanna nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa kana matéri nu geus dipedar dina kagiatan diajar-ngajar.